



RAPÒ OFISYÈL EVALYASYON LEKÒL YO NAN REYINYON KOMINOTÈ GWROUP TRAVAY ADMISYON AN

22 Jen 2021

Komite Lekòl Boston ak Gwoup Travay Sou Administrasyon Egzamen Lekòl yo te fè yon reyinyon sou Zoom, nan dat 22 jen 2021 a 6è pm. Plis enfòmasyon konsènan nenpòt sijè nan lis ki anba a, vizite www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee oswa <https://www.bostonpublicschools.org/esataskforce>, imèl feedback@bostonpublicschools.org, oswa rele Biwo Komite Lekòl Boston nan (617) 635-9014.

ASISTANS

Manm Komite Lekòl Boston ki te Prezan: Prezidan Jeri Robinson ak Vis Prezidan Michael O'Neill.

Manm Komite Lekòl Boston ki te Absan: Hardin Coleman; Ernani DeAraujo; Quoc Tran; ak reprezantan etidyan Xyra Mercer.

Manm Gwoup Travay Sou Admisyon Egzamen Lekòl yo ki te prezan: Vis Prezidan Michael Contompasis; Vis Prezidan Tanisha Sullivan (li rive apre apèl la); Simon Chernow; Katherine Grassa; Zoe Nagasawa; ak Rachèl Skerritt.

Manm Gwoup Travay Sou Admisyon Egzamen Lekòl yo ki te Absan: Samuel Acevedo; Acacia Aguirre; Matt Crégor; Tanya Freeman-Sajès; Zena Lum; Rosann Tung; ak Tamara Waite.

DOKIMAN KI TE PREZANTE

[Ajanda](#)

[Mizajou Gwoup Travay Sou Admisyon Egzamen Lekòl ak Konsiderasyon Potansyèl yo, 16 Jen 2021](#)

KÒMANSMAN REYINYON AN

Mesye Contompasis louvri reyinyon an e li akeyi manm ak patisipan yo. Madam Sullivan pase lis la pou Komite Lekòl la. Prezidan Jeri Robinson ak Vis Prezidan Michael O'Neill te prezan; Hardin Coleman; Ernani DeAraujo; Quoc Tran; reprezantan elèv yo Xyra Mercer te absan.

Madam Parvex te pase lis la pou Gwoup Travay Admisyon Egzamen Lekòl yo. Vis Prezidan Michael Contompasis; Simon Chernow; Katherine Grassa; Zoe Nagasawa; ak Rachel Skerritt te prezan. Vis Prezidan Tanisha Sullivan te rive apre reyinyon te kòmanse. Samuel Acevedo; Acacia Aguirre; Matt Cregor; Tanya Freeman-Sajès; Zena Lum; Rosann Tung; ak Tamara Waite te absan.

Mesye Contompasis te anonse sèvis entèpretasyon similtane disponib nan lang Espanyòl, Kreyòl Ayisyen, Kapvèdyen, Vyetnamyen, Kantonè, Mandaren, Pòtigè, Somalyen, Arab, ak Lang siy Ameriken (ASL); entèprèt yo prezante tèt yo epi yo bay enstriksyon nan lang natif natal yo sou fason pou jwenn aksè nan entèpretasyon similtane lè yo chanje chanèl Zoom lan.

Madam Robinson te remèsye gwoup la pou travay yo. Li ankouraje moun yo pou yo li mizajou ki genyen nan domèn potansyèl pou konsiderasyon Gwoup Travay la te prezante bay Komite Lekòl la nan dat 16 jen. Gwoup Travay la pral prezante rekòmandasyon final li bay Komite Lekòl la nan dat 30 jen. Komite a pral vote sou politik admisyon lekòl la pou egzamen final yo ki ap fèt an Jiyè. Li te mande moun ki gen pou pale yo pou yo fè sa ak respè.

KÒMANTÈ JENERAL PIBLIK LA

- Armando Martinez, ansyen elèv Boston Latin Academy, rezidan Mattapan, te pale kont Advanced Work Class (AWC) epi li pa t dakò pou yo itilize yon tès kòm yon pati pou admisyon nan lekòl yo.
- Mary Battenfeld, Kalite Edikasyon Pou Chak Elèv (QUEST), rezidan Jamaica Plain, te pale kont itilizasyon tès kòm yon pati nan admisyon lekòl yo.
- Patricia Kinsella, ansyen paran ak edikatè BPS, rezidan Northfield, te pale kont itilizasyon nòt MCAS kòm yon pati nan egzamen admisyon nan lekòl yo.
- Marie Mercurio, paran, Boston Latin School (BLS) ak Curley K-8 School, te pale an favè itilizasyon yon egzamen kòm yon pati nan admisyon lekòl yo.
- Annie Spitz, paran, rezidan Roslindale, te pale an favè sijè pou asire pwosesis egzamen admisyon nan lekòl la yon fason pou sa ka ekitab pou tout elèv yo.
- Sara Adaire, rezidan Sid Boston, paran, te pale an favè sijè pou itilize yon egzamen kòm yon pati nan admisyon lekòl yo.
- Christine Langhoff, rezidan Dorchester, ansyen paran BPS, te pale sou enpòtans resous ki ekitab e li te sijere pou tabli yon limit pou kalifikasyon egzamen lekòl yo.
- Micaiah Brown, paran Boston Latin School, te pale kont itilizasyon MCAS kòm yon pati nan kritè pou egzamen antre lekòl la.
- Christine Jiang, rezidan West Roxbury, paran, te pale konsènan enpòtans pou toujou gen yon egzamen pou antre.
- Suzanne Elsasser, paran gradye BLS, rezidan Brighton, te pale konsènan kritè admisyon potansyèl yo.

KÒMANTÈ FINAL YO

Mesye Contompasis remèsye oratè ki fè diskou a. Li te anonse Komite a ak Gwoup Travay la pral fè yon lòt seyans odyans ansanm demen, Mèkredi 23 jen 4-6è pm. Pwochen reyinyon adistans Gwoup Travay Admisyon Egzamen Lekòl yo ap fèt nan jedi 24 jen a 5è pm.

Madam Sullivan te remèsye entèprèt yo ak tout moun ki te patisipe yo.

FINI

Apre 6:57 p.m. Komite a ak Gwoup Travay la te vote yon fason ki separe, nan apèl, pou ranvwaye reyinyon an.

Ateste:



Elizabeth Sullivan
Sekretè Egzekitif